

# N-CAP

Kopeman pou Pwogram Asistans Naloxone

## Naloxone se yon medikaman pou ijans ki ka kanpe yon òvèdòz opiyoyid.

Èske ou gen pwoteksyon pou medikaman nan plan asirans sante ou a? Si ou genyen, ou kapab itilize pwoteksyon N-CAP ou pou garanti jiska \$40 nan kopeman pou preskripsyon pou w pa bezwen peye anyen oswa yon ti kras depan lè w ap achte naloxone nan yon famasi ki fè pati pwogram nan.



Plizyè famasi nan Eta New York bay naloxone ak yon "kòmand pèmanan", ki vle di ou ka jwenn medikaman an nan famasi sa yo san preskripsyon doktè ou. Pou jwenn pwogram ofisyèl ki pi pre a oswa famasi ki fè pati pwogram nan, tanpri ale sou: [www.health.ny.gov/overdose](http://www.health.ny.gov/overdose)

**Envèse efè yon òvèdòz.  
Mache ak Naloxone.**